

*Tengger-English
Language Exchange*





*Tengger-English
Language Exchange*

2008
TPBT

Tengger-English *Language Exchange*

© TPBT 2008

Tim Pengembangan Bahasa Tengger

Dilarang memperbanyak buku ini untuk tujuan komersial.

Untuk tujuan non-komersial, buku ini dapat

Diperbanyak hanya dengan izin hak cipta.

Cetakan pertama

2008

Table of Contents / Isine Buku iki

Preface / Teka Penulis.....	6
Forward / Kata Sambutan.....	7
Dialogs / Diolog-diolog	
1. Tamu anyar / A New Guest.....	8
2. Supir / Driver.....	10
3. Warung / Food Stand.....	11
4. Wayah lowong / Spare time.....	12
5. Wong tani / Farmer.....	14
6. Acara Kasada / Kasada festival.....	17
7. Desa / Village.....	19
8. Pendopo Agung / Great Hall.....	20
9. Jenenge Gunung / Name of the mountain.....	21
10. Regane gaga / Price of a field.....	23
11. Undangan / Invitation.....	25
12. Kenalan ning kota / Acquaintance in the city.....	27
13. Orak isa sambang / Not able to go home.....	28
Daily phrases / Frasa sehari-hari.....	30
Topical Glossary / Kamus pokok	
Family words / Kata-kata keluarga.....	32
Question words / kata-kata Tanya.....	33
Numbers / Numer-numer.....	34
Answers, adjectives / Jawaban, kata sifat.....	35
Animals / Binatang.....	36
Food / Makanan.....	38
Manners, nature / Sopan santun, semesta alam.....	39
Plants, prepositions, pronouns / Tanaman, preposisi, kata ganti.....	40
Time, verbs / Waktu, kata kerja.....	41
Household / Rumah tangga.....	45
Etcetera / Dan lain lain.....	46
Notes / Catatan.....	47

Preface / Teka Penulis

This book was written with the hope of helping every one in the Tengger area, whether a tourist or a local. Tourists can use this booklet as a guide in communicating with the local people. Likewise, Tengger people can use this booklet in learning and practicing English so that they can better accommodate the many visitors who come to the area on a regular basis.

Please accept our apologies for any deficiency in this book. We welcome your advice and recommendations as to how this book can be made better in any way. Thank you for your understanding and don't be afraid to make mistakes as you practice the languages in this book.

The Author

Tosari 2008

Tamu anyar

A: Njare kabare?

B: Apik-apik wae.

A: Mlebua!

B: Ya, suwun.

A: Kate nginep ning kene tah?

B: Ya – sak-kamar pira
sewengi?

A: Macem-macem. Ana sing
apik, ana sing sedengan.

B: Sing sedengan pira?

A: Sing sedengan Rp. 300,000
(telung-atus ewu).

B: Ya iku wae, wes.

A: Ayo melu reang, tak-dudoen
kamare.

Ana maneh sing isa tak-
tulungi?

B: Nek mangan, tuku ning
endi?

A: Ya bisa pesen ndek kene.

A new guest

A: How are you?

B: Just fine.

A: Come in!

B: Ok, thank you.

A: Do you want to spend the night
here?

B: Yes, how much is a room per
night?

A: It depends if you want a really
nice room or a regular one.

B: How much are the regular ones?

A: The regular rooms are Rp.
300,000 (three hundred thousand
rupiah).

B: I'll just get that one.

A: Follow me, I will show you the
room.

Is there anything else I can help
with?

B: Where can I get some food?

A: You can order food here.

B: Sak-taningan pira?

A: Rata-rata Rp. 50,000 (seket ewu).

B: Pasare kene ning endi?

A: Ning Tosari.

B: Adoh tah teka kene?

A: Paling sak-kilo luwih mungguh.

B: Ya reang kate nang pasar wae.

A: Ya wes, orak ngapa-ngapa.

Rencanane njare sesok nang Bromo?

B: Ya, kate nang Bromo.

A: Nunggang paran? Jip apa bis?

B: Nek jip pira?

A: Takona nang supire dewe.

B: How much is one serving?

A: On average Rp. 50,000 (fifty thousand).

B: Where is the pasar?

A: In Tosari

B: Is that far from here?

A: A little more than one kilometer up the hill.

B: I'll just go to the pasar.

A: Ok, no problem.

Do you plan to go to Bromo tomorrow?

B: Yes I want to.

A: Will you ride a jeep or a bus?

B: How much is a jeep?

A: Ask the driver yourself.

Supir

A: Kate nandi?
B: Nang pasar.
A: Kate nang Bromo?
B: Ya sesok.
A: Rika nyewa jip tah?
B: Pira nek nyewa jip?
A: Biasane Rp. 300,000 (telung-atus ewu).
B: Isa kurang?
A: Umume sak-mono. Wes orak isa kurang.
B: Iku nangdi wae?
A: Nang Penanjakan, ndeleng metune sengenge, terus mudun nang Bromo, isa pisan nyewa jaran, ndeleng kawah Bromo, terus mbalek mreng maneh.
B: Budale jam pira?
A: Jam 3:30 (stengah papat) isuk.
B: Ya wes, tak'enteni ning hotel wae.
Ya wes, reang kate nang pasar sak-iki.
A: Tak-teren tah?
B: Orak wes, reang mlaku wae.
A: Ya wes.

Driver

A: Where are you going?
B: To the pasar.
A: Do you want to go to Bromo?
B: Yes, tomorrow.
A: Do you want to rent a jeep?
B: How much does it cost to rent a jeep?
A: Usually Rp.300,000 (three hundred thousand).
B: Can you lower the price?
A: That's the usual price. I can't go down.
B: Where will it go?
A: To Penanjakan, watch the sun come up, then go down to Bromo, you can rent a horse, look at the Bromo crater, then come back again.
B: What time do you leave?
A: 3:30 (three thirty) in the morning.
B: Ok, I'll wait at the hotel.
Ok, I want to go to the pasar now.
A: Want me to take you?
B: No thanks, I'll just walk.
A: Ok.

Warung

A: Golek paran?
B: Reang kate mangan?
A: Mangan paran? Pecel, rawon, lodeh, campur, utawa soto?
B: Soto wae.
A: Ngombene paran?
B: Kopi mik.
A: Monggo, mangana.
(wes mari mangan)
B: Bu, wes. Pira?
A: Tambah paran?
B: Krupuk siji.
A: Sotone Rp. 5,000 (limang ewu), kopi mik Rp.1,000 (sewu), krupuk Rp. 500 (limang atus)
Berarti kabeh Rp. 6,500 (enem ewu limang atus).
B: Ya suwun.
A: Ya, pada-pada.

Food stand

A: Hello, what are you looking for?
B: I want to eat.
A: What do you want? Pecel, rawon, lodeh, campur, or soto?
B: Soto is fine.
A: What do you want to drink?
B: Coffee mix.
A: Enjoy your meal.
(after eating)
B: Mam, I'm done, how much?
A: Did you eat anything else?
B: One krupuk.
A: The soto is Rp. 5,000 (five thousand), the coffee is Rp. 1,000 (one thousand), the krupuk is Rp. 500 (five hundred), that comes to Rp. 6,500 (six thousand five hundred).
B: Ok, thanks.
A: Your welcome.

Wayah Lowong

A: Kapan wong kene duwe wayah lowong?

B: Nek wes mari nyambut gawe ning nggaga, sekitar jam papat sore sampek bengi jam sanga.

A: Wong kene ngapa gawene nek ana wayah lowong?

B: Wong kene senengane nonton TV, midang, utawa nonton hiburan nek ana wong slametan.

A: Slametan iku paran?

B: Slametan iku kanggone kusus upacara rabi, entas-entas, utawa sunatan.

A: Sing teka, biasae wong pira?

B: Ndeleng undangane. Sak-kisarane sewu mungguh.

A: Wah, kok akeh temen! Pira enteke slametan iku?

Spare Time

A: When do people here have spare time?

B: After they get home from their fields, around four in the afternoon until nine o'clock in the evening.

A: What do people do here in their spare time?

B: People here like to watch TV, visit with friends, or watch the entertainment if there is a 'slametan'.

A: What is a 'slametan'?

B: A slametan is a special event for a wedding, funeral, or circumcision.

A: How many people usually attend?

B: It depends on the invitations. Approximately one thousand and up.

A: Wow, that's a lot of people. How much does a 'slametan' cost.

B: Nek biasa-biasa wae enteke sak-kisarane rong puluh sampek seket juta. Nek gede, sampek satus juta munggah.

B: If it is average they spend about twenty - fifty juta. If it is big, it can be one hundred and up.

A: Tontonane paran sing ana ning slametan?

A: What kind of entertainment is at the 'slametan'?

B: Kadang-kadang ana reog, joget, karo ludruk

B: Sometimes there is 'reog', 'joket' and 'ludruk'.

A: Tontonan iku kabeh isa rika jelasen?

A: Can you explain those things?

B: Repot njelasne. Kudu ndeleng dewe nek kepingin weruh.

B: They are difficult to explain. You just have to see it for yourself to know.

A: Ya wes, reag genehana weruh nek ana slametan maneh.

A: Ok, let me know next time there is a 'slametan'.

B: Ya wes, nek weruh, rika tak-tutur.

B: Ok, If I know I will tell you.

A: Mari ngene awak'e dewe kate ngapa?

A: So, what will we do?

B: Ayo midang.

B: Let's go visit with some friends.

Wong Tani

A: Mak, penggawèané rika paran?

B: Penggawèané esun tani.

A: Biasahé rika nèk ning nggaga budhal jam pira?

B: Biasahé esun nèk budhal ning nggaga jam setengah pitu isuk.

A: Teka gagané rika ngapa waé? Paran sing liané?

B: Paran sing perlu tak-candak dikek.

A: Koliné rika pira? Wong endi waé?

B: Koliné esun kabéh sangalas wong, ana sing teka Wanakitri, ya ana sing sedésa karo esun.

A: Pira bayarané?

B: Sedina sepuluh éwu repis.

A: Rika nèk mari nduduk kentang rika dol ning sapa?

B: Tak-dol ning wong kéné waé kadangka tak' gawa ning pasar déwé.

A: Picisé rika enggo paran?

The Farmer

A: Mam, what is your profession?

B: I work as a farmer.

A: What time do you usually leave to the field?

B: I usually leave around 6:30 in the morning.

A: What do you do when you get to the field?

B: Whatever needs to be done, I do it first.

A: How many workers do you have? Where are they from?

B: I have nineteen workers. They are from Wanakitri and from my village.

A: How much do you pay them?

B: Ten thousand rupiah per day.

A: After you harvest potatoes who do you sell them to?

B: I just sell them to people here, sometimes I take them to the pasar myself.

A: What do you use your money for?

B: Tak-enggo mbayar koli, tak-tukok'en beras kadangka, ya tak-tukok'en bestrok sarung.

A: Rika nèk teka nggaga paran gawèné?

B: Biasahé esun nèk teka nggaga esun langsung pangadusan utawa mbabrakan kadangka orak adus nèk rasané kademen. Maringono memidang dilut terus nonton TV. Nèk duwé pécéés akèh esun mudun golèk kesenengan ning ngaré.

A: Sak-liané nonton TV paran hiburané wong kéné iki?

B: Nèk ana wong selamètan, ya nonton paran anané, nèk sing slametan iku nanggap ludruk, ya nonton ludruk kosi orak turu sewengi.

A: Carané wong kéné nèk selamètan njaré?

B: Sak-durungé selamètan wong kéné iki medayoh ning umahé kanca-kancane ndang ndongeng

B: I use it to pay my workers, I buy rice, and sometimes I buy fabric for sarungs.

A: What do you do when you get back from the field?

B: Usually when I get back from the field I take a bath right away or sometimes I don't bathe if I feel too cold. Then I visit friends and watch TV. If I have a lot of money I go down (to the city) and look for entertainment there.

A: Besides TV, what are other kinds of entertainment for people here?

B: If there is a ritual party they watch whatever is there. If there is a ludruk they watch it and don't sleep all night.

A: How do people here hold ritual parties?

B: Before the ritual party people here visit their friend's houses and tell them they will have a wedding

nèk katé ngrabèn terus kancané
ana sing nggawa gawan beras, ana
sing nggawa gula pokoké
nyumbang paran butuhé.

A: Dadi wong kéné iki pada
seneng tulung-tinulung céké?

B: Iya pancene la wong nèk wis
repotè ika pada ngrèwangi, ana
sing njero pawon, ana sing mréné,
ana sing mrana pokoké kancané
pada répot la wong kéné iki nèk
selamètan gedèn.

A: Wulan paran biasahé nèk
selamètan?

B: Biasahé wong kéné nèk
selamètan wulan Karo katék
Kewolu.

A: Njaré urutané wulan ning kéné
iki?

B: Urutané wulang ning kéné iki
Kasa, Karo, Ketiga, Kapat,
Kelima, Kenem, Kepitu, Kewolu,
Kesanga, Kesepoloh, Desta,
Kesada.

and their friends bring rice or sugar
- whatever will help out with the
needs.

A: So people here are happy to
help each other?

B: Ya of course if someone is busy
others help him out, some help
cook, some go here and there, the
important thing is everyone is busy
when someone has a really big
party.

A: What month do people usually
have ritual parties?

B: Usually people here have ritual
parties on the 2nd and 8th months.

A: What is the order of months
here?

B: The order of months here are
Kasa, Karo, Ketiga, Kapat,
Kelima, Kenem, Kepitu, Kewolu,
Kespoloh, Desta, Kasada.

Acara Kasada

- A: Njare kabare?
B: Apik-apik wae.
A: Reang kate takon oleh tah nang rika?
B: Oleh, ngapa ye?
A: Iku ana acara paran?
B: Iku acara kate nang Upacara Kasadanan.
A: Kasada iku paran?
B: Kasada iku ceritane antarane Joko Seger karo Roro Anteng, orak duwe anak. Terus diwei selawe. Tapikne sing anak terakhire kudu dilabuhan nang gunung Bromo.
A: Sapa jenenge lare sing dilabuhan iku?
B: Jenenge Raden Kusuma.
A: Kasada iku pas wulan paran?

The Kasada ritual

- A: How are you?
B: Just fine.
A: Can I ask you some questions?
B: Sure, no problem.
A: What event is that?
B: They are getting ready for the Kasada festival.
A: What is Kasada?
B: Kasada is the story of Joko Seger and Roro Anteng, they didn't have kids. Then they received twenty five kids. But the youngest had to be sacrificed into Mount Bromo.
A: What was the name of the child who was sacrificed?
B: His name was Raden Kusuma.
A: What month is Kasada?

B: Pas wulan rolas, itungan
Jawa Tengger. Yaiku Kasada
pas purnama, jam rolas bengi.

A: Ngapa gawene rana pas
tengah wengi?

B: Polai wekase kongkon
nggawa pala wija, polo
gemantung, polo kependem,
karo kewan ingonan. Iku mau
dilabuhan ning gunung Bromo.

A: O, ngono tah. Anane ceritane
Kasada iku. Reang gek orak tau
weroh.

Nedan nerima ya nang ceritane
iku mau.

B: He'e.

B: On the twelveth month of the
Javanese Tengger calendar.
Kasada happens on a full moon,
at midnight.

A: Why do they do it in the
middle of the night?

B: Because of the command to
carry seeds, fruit, produce, and
herded animals. They are
sacrificed at Mount Bromo.

A: Oh, so that's the story of
Kasada.

I never knew that.

Thank you for that story.

B: Sure.

Desa

A: Nuwun sewu.

B: Monggo

A: Sepurane kate takon, oleh tah?

B: Oleh.

A: Iki jenenge desa paran?

B: Iki jenenge desa Wanakitri.

A: Rika lair ning kene tah?

B: He'e, reang lair ning kene.

A: Paran nyambut gawene rika ning kene?

B: Reang nyambut gawe tani.

A: Tani paran wae sing wes tau dipanja.

B: Ya macem-macem. Ya kentang, kubis, wortel, karo liyan-liyane.

A: Njare hasile sak-wise taun iki?

B: Ya lumayan.

A: Sak-liyane tani rika nyambi paran wae?

B: Ya ngetur kadang nek ana momotan.

A: Njare ngeture rame tah?

B: Ya kadang-kadang ndeleng dinane.

A: O ya, suwun wes. Kate midang.

Village

A: Excuse me.

B: Ok

A: Can I ask you a question?

B: Sure

A: What is the name of this village?

B: It's called Wanakitri.

A: Were you born here?

B: Ya, I was born here.

A: What do you do for work?

B: I work as a farmer.

A: What kind of plants do you grow?

B: Different types, potatoes, cabbage, carrots, and other things.

A: How was your profit last year?

B: It was decent.

A: Do you do anything else besides farming?

B: Ya, give rides if anyone is around.

A: Is it very busy?

B: Sometimes, it depends on the day.

A: OK, thanks. I want to go visiting.

Pendopo Agung

A: Nuwun sewu. Reang kate takon oleh tah nang rika?

B: Oleh, ngapa ye?

A: Iku jenenge bangunan paran?

B: Iki jenenge Pendopo Agung.

A: Iku mbangune taun pira?

B: Sekitare taun 1986-87 (sewu sangang atus wulung puluh enem sampek sewu sangang atus wulung puluh pitu).

A: Sapa sing bangun?

B: Ya swasembadane masyarakat kene karo kabupaten.

A: Iki uga dienggo paran?

B: Ya digawe pertemuan utawa kumpulan.

A: Kanggo disewa tah?

B; Ya kadang.

A: Ngonono wae wes, suwun.

B: He'e

The Great Hall

A: Excuse me, can I ask you a question?

B: Sure, no problem.

A: What is the name of this building?

B: It is called Pendopo Agung.

A: When was it built?

B: Around 1986-87 (nineteen eighty six to eighty seven).

A: Who built it?

B: Members of the community here and the county government.

A: What is it used for?

B: Its used for meetings.

A: Can it be rented?

B: Sometimes

A: That's all, thanks.

B: Ok.

Jenenge Gunung

A: Njare kabare?

B: Apik-apik wae.

A: Reang kate takon, oleh tah, nang rika?

B: Oleh, orak ngapa ngapa.

A: Iki jenenge puncak paran?

B: Iki jenenge puncak Penanjakan.

A: Pira duwure?

B: Sekitare 2,500 (rongewu limang atus) meter teka dasare banyu segara.

A: La sing endek gunung metu kukuse jenenge gunung paran?

B: Iku jenenge gunung Bromo.

A: Nek sebelah gunung Bromo iku gunung paran?

B: Nek sebelah gunung Bromo iku jenenge gunung Batok.

The Mountain's Name

A: How are you?

B: Just fine.

A: Can I ask you a question?

B: Sure, no problem.

A: What is the name of that peak?

B: Its called Penanjakan Peak.

A: How high is it?

B: About 2,500 (two thousand five hundred) meters above sea level.

A: What is the name of the short mountain that has smoke coming out?

B: That is called Mount Bromo.

A: What about the one next to Mount Bromo?

B: The one next to Bromo is called Mount Batok.

A: Ngapa kok dijenengen gunung Batok?

A: Why is it called Mount Batok?

B: Biyen jeer legendane gunung iku teka batoke krambil.

B: A long time ago there was a legend it was made from a scrap of a coconut shell (batok).

A: Gunung sing paling duwur ika jenenge paran?

A: What is the name of the tallest mountain?

B: Iku jenenge gunung Semeru utawa Mahameru. Iku gunung sing paling duwur ning pulau Jawa kene, ambek pisan gek aktif sing ngetok-en awu limalasan menit pisan. Tapikne wong-wong seneng kemping ning kono.

B: The name of that one is Mount Semeru or Mahameru. That mountain is the tallest one on Java, it is also active and puts out smoke every fifteen minutes. But people really like to go camping there.

A: Reang kepingin rana nek ana wektu luang. Tapikne tera rika.

A: I want to go camping there if I have free time, if you can lead me.

Regane Gaga

A: Gagane sapa iki?
B: Gagane reyang
A: Pira ambane?
B: Iki, kira-kira setengah hektar.
A: Mari ditanduri paran iki?
B: Mari tak-tanduri kubis.
A: Payu rega pira kubise?
B: Oh murah. Rega telungatus mek'ane.
A: Ngedole nandi?
B: Tak-dol nang Malang.
A: Oh, iya. Maringono, ditanduri paran?
B: Oh, kate tak-tanduri kentang.
A: Kentang paran?
B: Kentang gronela kembang.
A: Tanah iki orak didol tah?
B: Ngapa sih?
A: Nek didol, reyang kate tuku, tak-gawe umah.
B: Kate tuku pirang meter?
A: Ya, nek isa, kate tuku rongpuluh musuh rongpuluh persegi.

Price of a Field

A: Who's field is this?
B: Its my field.
A: How big is it?
B: Its about a half hectare.
A: What did you just plant?
B: I just planted cabbage.
A: What is the price of cabbage?
B: Its cheap. The price is only three hundred.
A: Where do you sell it?
B: I sell it in Malang.
A: After this what will you plant?
B: Oh, I want to plant potatoes.
A: What type of potatoes?
B: Gronela Kembang potatoes
A: Is this land for sale?
B: Why do you ask?
A: If its for sale, I want to buy it, I want to build a house.
B: How many meters do you want to buy?
A: If possible, I want to buy twenty meters by twenty meters.

B: Ya orak ngapa.

A: Sak metere pira?

B: Oh, biasane ndek kene, orak do-
dol meteran, tapikne borongan.

A: Pira nek borongan?

B: Oh iki, tukuen limalas juta wis
nek gelem.

A: Oh, orak kuat reyang.

B: Ya, kuate pira?

A: Wis tak-tukune sepuluh juta
wis. Nek oleh tak-bayar kontan.

B: Oh ya, ajo nek sak-mono, wis
pek'en rolas juta wae wis.

A: Wis tak-tambahe sak juta wis,
takpek sewelas juta.

B: Njare ya...

A: Njare wis, nek oleh tak-bayar
sak-iki.

B: Ya wis, peken wis.

B: Ok

A: How much is one meter?

B: Oh. Usually, around here, we
don't sell by the meter, but by the
plot.

A: How much for the plot?

B: This can be bought for fifteen
juta if you want it.

A: Oh, I can't afford that.

B: What can you afford?

A: I can buy it for ten juta. If I can
pay with cash.

B: Oh, don't do that. Just give me
12 juta.

A: Ok, I'll add one juta, ok? I'll
pay eleven juta.

B: I don't know...

A: Ok, how about if I pay right
now?

B: Ok, go ahead and get it.

Undangan

A: Nuwun

B: Réné, réné, ayo wés geni-geni

A: Aduh, gek ana udan cek'é ya?

B: Syukur ana udan

A: Tapi adem sak-iki

B: He'eh, réang déwé rak kagak ademé

A: Sak-iki pira regané kentang?

B: Sak-iki rongéwu

A: Saking réang réné ana perluné nang rika, ya nang makne.

Réang njaluk pengéstuné. Sésuk, dina Jumat Legi, tanggal selawe (25) réang kate nyelameti anaké réang. Ya pada teka'a karo pada tulungana sak-katéné sampèk sak-mariné. Orak liwat, nek ana laré nyeluk'a, ya. Wés pada marek'a! Mergané réang wés orak réné manéh.

Invitation

A: Excuse me...

B: Come here - get by the fire.

A: Wow its still raining.

B: Thankfully its raining.

A: But right now its cold.

B: Ya I'm freezing.

A: What's the price of potatoes now?

B: Right now two thousand (per kilo).

A: Anyway, I need something from you and your wife. I want to ask for a favor.

Next week, Friday the twenty fifth (25th), I'm going to hold a ceremony for my son. I hope you both can come and help from the beginning until the end. Also I want to apologize if I am too busy to greet you during the

party. Ok, you're officially invited so I don't need to come and invite you again.

B: Ya wés, mandar-muga, paran sing durung nglumpuk, banda saraté ndang nglumpuka.

B: Oléh sapa anaké?

A: Anu, anaké Pak To

B: Oh ya, Mbak Ani. Ya wés kepé ndang damang.

A: Wés ngono waé, réang suwun wés.

B: Kok kesusu waé?

A: Ya wés, gek katé mlaku-mlaku manéh nang liané.

B: Lo – ombenen gék! Wong wés digawéen

A: Ya wés. Wés ya, ngono wae, suwun wés

B: Ya, ya

B: Ok, hopefully whatever hasn't yet been collected will be collected.

B: Who is the girl?

A: Uh, Mr. To's daughter.

B: Oh ya, Miss Ani. Ok, we wish you peace.

A: Ok, that's all, thanks.

B: Why so fast?

A: Ya, I have to walk to several other houses.

B: Hey drink first! Its already been made.

A: Ok, that's all, thanks, ok.

B: Ok.

Kenalan ning Kota

A: Hai Pak Joko, njare kabare ya?

B: Reang apik-apik wae. Kate kuliah tah?

A: Hek'e Pak. Reang ana ujian isuk iki. Rika kate nandi?

B: Reang kate nang sekolah, reang sinau basa Indonesia.

A: Tapi ketok'ane Bapak wis cukup lancar. Pira wene rika sinau basa Indonesia Pak?

B: Emeh rong wulan, tapi reang gek kudu akeh latihan. Njare persiapane sira ujian dina iki? Wis siap?

A: Durung Pak, materine akeh pol. Dungakna ya Pak, supayane reang oleh nilai sing apik.

B: Iya, tak-dungak'en cekne sira sukses dina iki. Wis ya angkote reang wis teka, reang dikek ye.

A: Hek'e Pak, becek ya.

Acquaintance in the city

A: Hi Mr. Joko, how are you?

B: Just fine. Are you going to class/lecture?

A: Ya. I have a test this morning. Where are you going?

B: I am going to school, I am studying Indonesian language.

A: But it seems like you're already fluent. How long have you studied Indonesian?

B: About two months, but I still need lots of practice. How is your test preparation today? Are you ready?

A: Not yet, there's a lot of material. Please pray so I can get a good score.

B: Ok, I'll pray for your success today. Well, here's my stop, I get off here.

A: Ok, be careful Mr. Joko.

Orak isa sambang

A: Kulo nuwun, reang mlebu ya?

B: O mlebua Rud, orak dikonci kok lawange, ana paran?

A: Orak, reang mek sanja diluk wae.

B: Tak'gawek'en ngombe ya. Sira arep ngombe paran? Teh apa kopi?

A: Aduh, ya sak-karepe sira. Paran wae reang gelem.

B: Entenana kek ya. Lho, sira orak sambang nang wong tuwane sira tah? Kan maringene natalan.

A: Kayak'e orak, soale reang orak duwe peces kanggo ongkos moleh. Mbarek maneh dagangane reang orak payu. Reang gek repot kirim kentang nang Porong.

B: Lho, ya olehe picise kentang iku engko gaween sangu.

A: Mandar wae bisa payu larang

Not able to visit home

A: Excuse me, I'm coming in, ok?

B: Come in Rud, the door's not locked.

What do you need?

A: Nothing, I'm just in for a visit.

B: I'll make a drink, what do you want? Tea or coffee?

A: Wow, make whatever you want, I'll like it.

B: Wait a minute. Why aren't you traveling home? Isn't it Christmas in a little while?

A: It looks like I won't be able to. I don't have money for the trip.

On top of that I haven't been able to sell my stuff. I'm still working on sending potatoes to Porong.

B: Well, just use the money from the potatoes for pocket money.

A: Hopefully the potatoes will sell for a high price so I'll be able to

kentange, cek'e picise oleh akeh go home for Christmas.
ndang reag bisa moleh
sambang.

B: Ya he'e, lho masak sak-taun B: Hey its not good if you can't
pisan sira kate orak sambang tah even go home to see your parents
nang wong tuwane sira. once a year.

A: Ya dungakna wae ya. Sira A: Ya just pray. Where will you
natalan taun iki ngrayak'en ndek celebrate Christmas this year?
endi?

B: Eson ngrayak'en natal ndek B: I'm just going to celebrate
umah wae, kan keluargane eson Christmas at my house, 'cause
ndek kene kabeh. all my family is here.

A: Oiya ye, ya wes, reag pamit A: Oh ya. Well I'm going to get
moleh ya. Suwun lo wedange, going. Thanks for the drink, even
tapi wedange kelegen. though it was too sweet.

B: O, sira iku wis digawek'en B: Oh your just a complainer. Ok
nggrundel wae. Ya wes, becek be careful.
ya.

English	Basa Jawa Tengger
Where are you going? (wèr ar yu going)	Kate nandi?
Where did you come from? (wèr did yu cem frem)	Teka endi?
How many days will you be here? (how mani daiz wil yu bi hir)	Pirang dina meneng ning kene?
Where are you staying? (wèr ar yu stai ing)	Nginep ning endi?
I'm from America. (aym frem emerika)	Reang/Esun teka Amerika.
When did you get here? (wèn ded yu gèt hir) When did you arrive? (wèn ded yu araiv)	Kapan teka?
Hello sir/mam, can I help you? (Hèlo ser/mam, kan ai help yu)	Halo – Ana sing isa reang tulungi?
Do you want to go to Bromo? (Du yu want tu go tu Bromo)	Kate nang Bromo?
Have you already been to Bromo? (hav yu alrèdi bin tu Bromo)	Wes tau nang Bromo?
Do you like it here? (Du yu laik et hir)	Ning kene seneng?
Have you reported to polsek yet? (hav yu reported tu polsek yèt)	Wes lapor nang polsek?
You must report to polsek. (yu mest riport tu polsek)	Rika kudu lapor nang polsek.

English	Basa Jawa Tengger
How are you? (hau ar yu)	Njare kabare?
I'm fine. (aym fayn)	Apik-apik wae.
Where are you from? (wèr ar yu frem)	Rika asline endi?
Thank you. (thangk yu)	Matur suwun/ Nedan nerima
Thank you very much. (thangk yu veri mec)	Matur suwun sing akeh. Nedan nerima sing akeh
You're welcome (yur welkem)	Pada-pada
I'm sorry. (aym sari)	Reang njaluk sepurane. Esun njaluk sepurane
Excuse me. (ekskuz mi)	Nuwun sewu
What is your name? (wat iz yur ném)	Jenenge rika sapa?
Like (laik)	Seneng
Don't like (don't laik)	Orak seneng
want	Kepengin
Don't want (don't want)	Orak gelem
good	apik
Bad, ugly	elek

<u>Family words</u>	<u>Kata-kata keluarga</u>	<u>Kata-kata keluarga</u>
wife	isteri	bojo
husband	suami	bojo
father	Ayah, bapak	bapak
mother	ibu	mak
grandmother	nenek	Mbah, eyang
grandfather	kakek	Mbahkung, eyang
child	anak	Anak, lare
daughter	Anak perempuan	lare wedok
son	Anak laki-laki	lare lanang
Older sister	Kakak perempuan	Yuk, iyuk
Older brother	Kakak laki-laki	Cacak, kakang
Younger brother	Adik laki-laki	Adik lanang
Younger sister	Adik perempuan	Adik wedok
aunt	Bibi/tante	bulek
uncle	Paman/om	paklek
cousin	keponakan	minoan
relative	Saudara/famili	dhulur
Mother-in-law	Ibu mertua	Maratua wedok
Father-in-law	Ayah mertua	Maratua lanang
Brother-in-law	Kakak/adik laki-laki mertua	misanan
Sister-in-law	Kakak/adik perempuan mertua	misanan
friend	Teman, kawan	kanca

Boyfriend/ girlfriend	pacar	Gendaane, pacare
fiancé	tunangan	calon
married	nikah	rabi
divorced	cerai	pegatan
Bachelor/ bachelorette	bujang	bujang
widow	janda	Lajang, lanjar

<u>Question words</u>	<u>Kata-kata tanya</u>	<u>Takonan</u>
What?	Apa?	Paran?
Who?	Siapa?	Sapa?
When?	Kapan?	Kapan?
Where?	Di mana?	Ning endi?
Why?	Mengapa/kenapa?	Ngapa?
How?	Bagaimana?	Njare?
How many?	Berapa?	Pira?
How old?	Berapa umurnya?	Umure pira?
How much does it cost?	Berapa harganya?	Regane pira?
Which one?	Yang mana?	Sing endi?
What time?	Jam berapa?	Jam pira?

Numbers / Numer-numer

One	Satu	Siji
Two	Dua	Loro
Three	Tiga	Telu
Four	Empat	Papat
Five	Lima	Lima
Six	Enam	Enem
Seven	Tujuh	Pitu
Eight	Delapan	Wolu
Nine	Simbilan	Sanga
Ten	Sepuluh	Sepuluh
Eleven	Sebelas	Sewelas
Twelve	Duabelas	Rolas
Thirteen	Tigabelas	Telulas
Fourteen	Empatbelas	Patbelas
Fifteen	Limabelas	Limalas
Sixteen	Enambelas	Nembelas
Seventeen	Tujuhbelas	Pitulas
Eighteen	Delapanbelas	Wolulas
Nineteen	Simbilanbelas	Sangalas
Twenty	Dua puluh	Rong puluh
Thirty	Tiga puluh	Telung puluh
Fourty	Empat puluh	Petang puluh
Fifty	Lima puluh	Seket
Sixty	Enam puluh	Swidak
Seventy	Tujuh puluh	Pitung puluh
Eighty	Delapan puluh	Wolung puluh
Ninety	Simbilan puluh	Sangang puluh
One hundred	Seratus	Satus
One thousand	Seribu	Sewu
One million	Sejuta	Sak-juta

Answers / Jawaban

not yet	belum	durung
not (nominal)	bukan	duduk
No	tidak	ora(k)
Yes	iya	he-eh
there aren't	tidak ada	nana(k)

Adjectives / Kata sifat

correct, true	benar	bener
Rarely	jarang	arang-arang
Difficult	sulit	éwoh, sara, angel, repot
Easy	mudah	gampang
Naughty	nakal	memel, nakal,
Mad	marah	ngamuk, mbongol
Clean	bersih	resik
Dirty	kotor	rusuh, uleg, reged, kothé, jembruk
Sharp	tajam	landhep, lincing
dull, blunt	tumpul	kethul, papak
Broken	patah	putung, tokleg, pudul, tugel
putrid, rotten (smell)	busuk	bosok, mburuh, mambu, amis
Hot	panas	panas
Cold	dingin	adhem
Dry	kering	garing, asat
Wet	basah	teles
Heavy	berat	abot
Light	ringan	entheng

Black	hitam	ireng
White	putih	putih
Red	merah	abang
Yellow	kuning	kuning
Green	hijau	ijo
little, small	kecil	cilik
big, large	besar	gedhé
Short	pendek	cendhek, endhek
Long	panjang	dawa, dawer
lazy, disinclined	malas	wegah, males, keset, mbling
Thin	tipis	tipis
Thick	tebal	kandel
Narrow	sempit	cubit, cubek, subek
wide, spacious	lebar	amba, jembar
shy, ashamed	malu	isin
Old	tua	tuwek
Young	mudah	nom, enom
just (arrived)	baru (sampai)	entas/tas
long (arrived)	lama (sampai)	suwé
new (things)	(barang) baru	anyar
old (things)	(barang) lama	lawas, elek
Good	baik	apik
Bitter	pahit	pait
Sweet	manis	legi
bad, evil	jelek	kereng, gethot, nyerekel, elek
Slippery	licin	lunyu, alit
Full	penuh	akeh, bek
different/other	lain/beda	liya, sici/1
Very	sekali/sangat	temen(an)

Animals / Binatang

Dog	anjing	kirik
Puppy	anak anjing	asu
Monkey	monyet	pethes, kethek, bedes
Cat	kucing	kucing
Bird	burung	manuk
baby bird	anak burung	anake manuk
Chicken	ayam	pitik, petek
baby chicken	anak ayam	minti
Egg	telur	endhog
feather, fur	bulu	wulu, ulu
Wing	sayap	sewiwi, siwi
rat, mouse	tikus	tekus
Tail	ekor	buntut
Snake	ular	ula
Venom	bisa	upas, wisa, racun ula, semburé ula
Leech	lintah	lintah, pacet, kelelet
hair lice	kutu rambut	tuma
chicken lice	kutu ayam	gurem, reki, tumané pitik
Nest	sarang	susuh, tarang, mimik
Mosquito	nyamuk	nyamuk, lemut, merutu
Spider	labah-labah	meluntu
Cockroach	kacoa	coro, melinjé, godhek, mblin jing, embes
Fish	ikan	iwak, gerih
Turtle	kura-kura	penyu

water buffalo	kerbau	kebo
Worm	cacing	cacing

Body parts / Bagian tubuh

Head	kepala	endhas
Nose	hidung	congor, cingur, irung
Arm	tangan	tangan, lengen
Elbow	siku	céngkul, sikut
(finger/toe) nail	kuku	kuku
Finger	jari	driji
Foot	kaki	sikil/sekel
Ankle	mata kaki	benthol, pelok, ugel-ugel
Knee	tumit	dhéngkul
Calf	betis	kentol, bentis, wentis
Skin	kulit	kulit
Stomach	perut	weteng
waist, loins	pinggang	béyek, pangéan
Bone	tulang	belung
Liver	hati	ati
Heart	jantung	jantung, montong
Milk	susu	susu
Shoulder	bahu	bau, pundhak
chest, breast	dada	dhadha
rib, flank, side	rusuk	belung gambang, iga
Neck	leher	gulu
Blood	darah	getih
Hair	rambut	rambut
Cheek	pipi	pipi
Mouth	mulut	lambé, cangkem

Tongue	lidah	ilat
Ear	telinga	kuping
Eye	mata	mata
Guts	usus	usus

Food / Makanan

uncooked rice	beras	beras
rice plant, still on ear	padi	pari
Meat	daging	iwak, daging
Contents	isi	isi
Fat	lemak	gajih
Oil	minyak	lenga
Snacks	camilan	panganan, rimikan, camilan, manisan
Food	makanan	panganan

Manners / Sopan Santun

Shall we, let's	mari	ayo, bacut
excuse me	permisi	amit, wis ya
thank you	terima kasih	matur suwun, nedan nrima, kesuwun

Nature / Semesta alam

Land	tanah	lemah, lemah gaga
rock, stone	batu	watu
Sand	pasir	wedhi, pasir
Water	air	banyu
Sea	laut	segara
Lake	danau	telaga, segara, segara cilik

River	sungai	kali, sumber, banyu
Forest	hutan	alas
Mud	lumpur/becek	lédhok, bledhok, endhut
Mountain	gunung	gunung
Hill	bukit	pusung, pudhuk, gunung
Sun	matahari	sengéngé
Moon	bulan	bulan
Star	bintang	lintang
Cloud	awan	mendhung
fog, mist, haze	kabut	pedhut, mendhung, kabut
Rain	hujan	udan
Thunder	Guntur	gludhug, guntur, bledhek
Lightning	kilat	kilapan, bledhek
Wind	angin	angin
Smoke	asap	kukus, beluk
Bark	kulit kayu	gelumbré
Tree	pohon	wit, kayu
Field	ladang/lapangan	gaga/ nggaga
Dust	debu	bledhuk
Sky	langit	langit
Wood	kayu	kayu
road	jalan	dalan

Plants / Tanaman

Branch	dahan/cabang	pang
Leaf	daun	godhong
Root	akar	oyod, cengkar
Flower	bunga	kembang

Fruit	buah	woh
fruiting tree	pohon berbuah	kayu woh
Grass	rumput	suket

Prepositions / Preposisi

Where	di mana	neng/ning endhi
At	di	ndhèk, ning
in, inside	di dalam	njero/ ndek jero
Above	atas	nduwur
Below	bawah	ngisor
Near	dekat	parek, cedhek
Far	jauh	adoh
Often	sering	gelek, kerep
Native	asli	asli
Left	kiri	kiwa
Right	kanan	tengen
back, rear	belakang	mburi
There	sana/situ	kana
Here	sini	kené

Pronouns / Kata ganti orang

I (masculine)	saya, aku	éyang/réyang
I (feminine)	saya, aku	isun/esun
You (informal)	kamu	sira
You (formal)	anda	rika
He, she, it	dia, ia	sira, iku, ika dhéwekné
I myself	saya sendiri	réyang/isun déwé
We (exclusive)	kami	awak'e dewe pada-pada
We (inclusive)	kita	awak'e kabeh
They	mereka	wong-wong iku

Time / Waktu

Night	malam	bengi
Yesterday	kemarin	wingi
two days ago	dua hari lalu	wingenané
Tomorrow	besok	sésuk
two days from now	lusa	emben
Year	tahun	taun
When	kapan	kapan
before, first, earlier	dulu	biyen, dhikik
afterwards, then	kemudian	maringono, marine-singkari, sak-wise, terus
Day	hari	dina
Suddenly	tiba-tiba	ujuk-ujuk

Verbs / Kata kerja

wash hair	cuci rambut	wuwung, kramas
wash clothes	cuci pakaian	masoh, umbah- umbah, wumbah, ngumbah, memasoh
wash plates	cuci piring	esoh-esoh, korah-korah
wash face	cuci muka	raup
Try	coba	njajal, hakéta jajal
Meet	ketemu	ketemu, campuh, kepethuk
Play	main	dedolan, dolan, moto, dolanan
warm by the fire	dekat api	gegeni
talk/chat	omong/obrol	bantah, omong,

Teach	mengajar	guneman mulang, ngajari, muruk, mblajari
Learn	belajar	sinau, mlajari
Plant	menanami	manja, nandur
crush/smash	hancur	mbebeg, ajur
Hoe	memacul	molah, macul
ascend, go up	naik	munggah, menek, mentas
light a fire	membuat api	dèdem geni
to weed	menyiangi	ngrumat
Glean	mengasak	mèpèl, pepel
free corn from cob	lepaskan jagung	koceki, ngeculen, mboset, mecok
to light	menyala	nguripen, murup, nyocok, mbarak
place flowers on a grave	menaruh bunga di kubur	nyekar, nelasih, nyadran
Sew	menjahit	(mesin) njait, (tangan) nondomi
See	melihat	masen, nguasen, ndeleng, nyawang
Sift	mengayak	ngiriki
Walk	berjalan	mlaku
Run	lari	mlayu
come, arrive	datang	teka
Return	balik/kembali	mbalik
Bathe	mandi	adus
Know	tahu	weruh
Think	piker	mikir
Breathe	bernafas	ambek'an
Smell	mencium	ngambet, ngambu

Kiss	mencium	ngambung
Laugh	tertawa	mesem, ngguyu, nyekakak
Cry	menangis	nangis
Vomit	muntah	mlukok, mutah
Spit	meludah	ngidu, idu-idu
Eat	makan	mangan
cook rice	menanak nasi	adang, nglisik
Drink	minum	ngombé
Bite	menggigit	nyokot, ngegit
Hear	dengar	ngrungoken
lying down	berbaring	léyéh-léyéh, leléyéan, luyéan
sleep	tidur	туру
Dream	mimpi	ngipi
Sit	duduk	lungguh
stand up	berdiri	ngadeg
wake up	bangun	tangi
Say	omong/berkata	bantah
Ask	bertanya	takon
Answer	menjawab	nyauri, semaur, njawab, balas takon
lie, deceive	bohong	nggorok'i, ngoroh
Hunt	berburu	gladhak
Fight	berkelahi	gelut, tukar, géger, jurak'en
Push	mendorong	nyurung, medel
Pull	tarik	mbatek
Steal	mencuri	nyolong, njupuk, ngotil
Give	memberi	ngenéhi, ngewéi
Take	mengambil	njukuk, njupuk

Kill	membunuh	mateni, matek
live, life	hidup	urip
die, dead	mati	mati, matek
Cut	potong	ngethok, negor
Work	kerja	nyambut gawé
grow, sprout	tumbuh	cukul, urip
swell, puff up	bengkak	aboh
hold, grasp	memegang	nyekel, ngandheli, nggaceki
Sieze	tangkap	nyekel, nangkep
Buy	beli	tuku
Sell	jual	dodol, adol
Borrow	pinjam	nyilih
Open	membuka	mbukak, ngengak'en
Close	tutup	nutup, nginep
throw, toss	melemparkan	ngguwang, ngucalen, nganthen
Fall	jatuh	rutu, tiba
Fly	terbang	miber, mabur
fly (of a bird)	terbang	miber, nglayang
Flow	mengalir	mili
Burn	membakar	mbakar, obong
Urinate	kencing	nguyuh
ride	naik	numpak, nunggang
Go up	naik	mungah
get down/off	turun	mudhun, mudhuk, misor
Swim	berenang	ngelangi
Afraid	takut	wedi
Laugh	tertawa	ngguyu
Suck	nyedot/menghisap	nyedot, ngisep
Yawn	uap	nguap, ngokus

Tie	ikat	naleni
Shoot	menembak	mbedel
Stab	menusuk/menikam	njojoh
hit, beat	memukul	njotos
Scratch	menggaruk	ngokor
Split	membelah	nyigar
Choose	memilih	meleh
Squeeze	memeras, memerah	meres
dig up	menggali	ngerok
Blow	meniup	nyebul
Chew	mengunyah	ngecapi
Hide	menyembunyikan	nyingeten
Climb	naik	mèntas, mènèk (wit)
Count	menghitung	ngitung
want/will	mau/akan	katé
Enter	masuk	mlebu

Household / Rumah tangga

Fire	api	geni
Ember	bara api	wawa, barek geni, murup, areng
Ash	abu	awu
fiancé(e)	tunangan	pacangan, gendhakan
female servant	pembantu	buruh, rewang
Friend	teman	kanca, réwang
Child	anak	anak
hearth, fireplace	tungku/perapian	pawon
sleeping platform	dipan/katil	ambèn, lincak, paturon, balih, kerdin

Pillow	bantal	bantal
person, people	orang	wong
Man	lelaki	lanang
Woman	perempuan	wedok
Spouse	suami/istri	bojo
younger sibling	adik	adhik, adhek
older brother	kakak lelaki	kakang
older sister	kakak perempuan	iyah, mbak
Mother	ibu	mbok, biyung, mak
Father	bapak	bapak
Grandmother	nenek	yungwek, biyung, ninek, wek, mbah
little boy	nak	(tho)lé
little girl	nak	ndhuk
House	rumah	umah
Roof	atap	wuwung(an), larap, pyan, ampé-ampé
Door	pintu	lawang
Wall	dinding	tèmbok, gedhong
wall of bamboo	dinding bambu	pager, gedheg
Window	jendela	sendhéla, kaca
stair, step	tangga	andha
Neighbor	tetangga	tangga, dulur(an)
Kitchen	dapur	pawon
Name	nama	jeneng
Needle	jarum	dom
grime, filth	daki	karak, bolot, kothé, blédhok
lega,		
Nail	paku	paku
Sick	sakit	lara
upset stomach	sakit perut	lara weteng
Headache	sakit kepala	lara endhas
Wound	luka	jatu, catu

Salt	garam	uyah
Money	uang	picis
woman's head scarf	kerudung/kudung	kethu, gelung
earthenware pot		ceret, ngaron, omplong
Knife	pisau	lading
Pregnant	hamil	meteng
Rope	tali	tali

Et cetera / Dan lain lain

If	kalau	nek, nek'i, nek'é
Because	karena	polahé, sebapé, mergané
All	semua	kabeh
And	dan	karo, lan
So that	supaya	cek'e

Notes / Catatan



